

Depi lè mond lan te fèt se saba a ki te jou kil la. Men, nan lane 321 nan tan pa nou an, asanble Nicée a pran desizyon pou fè kil samdi a fèt dimanch pito. Nan ECR, Catholic Record. Ontario, Canada du 1er Septembre 1923 nou li : « dimanch lan se mak otorite n. Legliz gen pouvwa pase Bib la. Transfè sa, samdi vire dimanch lan, pwouve sa. »

Nan yon katechèz pap Pie X (10) apwouve 25 janvyè 1910, nou li sa : Legliz Katolik di se li k gen otorite pou l chanje jou kil la. Kesyon : Kilè k jou saba a ? Repons : Samdi se saba. Kesyon : Poukisa n obsève dimanch nan plas saba ? Repons : Nou obsève dimanch nan plas samdi paske Legliz Katolik transfere solanite samdi a an dimanch. (P. GEIERMANN, p. 50)

Se pou sila k ap li a fè atansyon! Menm jan saba se mak otorite Bondye Kreyatè a, dimanch lan se mak otorite pap la. Se mak bèt la. Nan liv Ce que Croient les Adventistes p. 233 li ekri : « Lè mond lan va konprann trè byen kesyon vrè jou ak fo jou kil la, sila yo ki voye jete memoryal kreyasyon an, saba bibliik la, epi ki chwazi kanmenn adore ak onore dimanch pandan yo konnen trè byen se pa jou kil Bondye te chwazi a, lè sa a y ap resevwa mak bèt la. Mak sa se yon mak rebelyon. »

Se pa jwèt timoun k ap regle la. Twazyèm zanj lan pwoklame nan vèsè 10 la : « si yon moun resevwa mak sa nan fontenn li osnon sou men l, li menm tou l ap bwè diven kòlè Bondye, epi l ap toumante nan gwo dife, devan zanj yo ak devan Ti Mouton an ». Kèlkanswa chwa a, li gen soufrans men rezilta a ap diferan. Adoratè Kreyatè a yo ap chape anba kòlè dragon an, e y a va kanpe ak Ti Mouton an sou Montay Siyon an (Revelasyon 14.1 ; 7.2, 4) Adoratè bèt la ak imaj bèt la yo ap viv gwo kòlè Bondye a e y a mouri nan prezans zanj sen yo ak Ti Mouton an (Revelasyon 14.10, 11; 20.14). Latoumant nan gwo dife a se yon imaj chatiman krèvkè adoratè bèt la ak imaj li yo genyen pou sibi.

Zanmi k ap li mesaj sa, jodi a lavni w nan men w. Swa w chwazi adore Bondye nan obeyi kòmandman l yo pou w nan mitan sen yo (Revelasyon 14.12), swa w chwazi adore bèt la ak imaj li a pou w viv latoumant nan dife jeyèn nan (Revelasyon 14.11). Chwazi kilès ou vle adore. Chwazi kilès ou vle sèvi. Pawòl granmoun di : « Malè avèti pa touye kokobe ». Ou jwenn avètisman an. Fè bon chwa a.

Zanmi, Senyè a fè w gras pou w li mesaj sa. Se pou w saj anpil epi gen anpil kouraj pou w pran pi bon desizyon an : desizyon pou w sèvi Bondye, pou w resevwa so li a epi pou w nan mitan sen yo k ap pèsèvere nan obsèvasyon kòmandman Bondye a yo ak nan Lafwa nan Jezi a. Se konsa n a evite mak bèt la ak tout konsekans sa genyen.

Pastè André Pierre

Prezidan Federasyon Santral Advantis Setyèm Jou yo an Ayiti,
pastandrepierre@gmail.com



Dènnye mesaj avètisman Bondye pou tout PLANÈT la

(Twazyèm Zanj Revelasyon 14.9-12 la)



So Bondye oubyen Mak Bèt la, avan lontan, w ap genyen pou fè yon chwa oubyen pou lavi ki p ap janm fini an oubyen pou lanmò.

**Li mesaj sa a, aplike konsèy yo
nan lavi ou, w a gen lavi ki p ap janm fini an.**



Mesaj sa se yon koutwazi **Mouvement Évangélique des Ouvriers de la Dernière Heure (MEODH)**

Sit Entènèt: www.meodh.org; www.laicenmarche.org
nan tèt kole avèk

Federasyon Santral Advantis Setyèm Jou yo an Ayiti (FEDCHAS)

Imèl: laicenmarche@gmail.com

Téléfòn: (631) 949-6964; (203) 247-0596; (703) 244-8480

Yon avètisman pou tout moun e pou ou menm tou



Nou jwenn mesaj sa nan Revelasyon 14.9-12 : « Men yon lòt, yon twazyèm zanj vini annapre, l ap di byen fò : Si yon moun adore bèt la ak imaj bèt la, epi l resevwa yon mak nan fontenn li osnon sou men l, li menm tou l ap bwè diven kòlè Bondye a, epi l ap toumante nan gwo dife, devan zanj yo ak devan Ti Mouton an. Lafimen toumant yo a p ap janm tenyen ; yo p ap janm pran yon souf, menm pou yon segond, sila k ap adore bèt la ak imaj li, ak nenpòt moun ki resevwa mak non l. La se pèsèverans sen yo k ap gade kòmandman Bondye a yo ak lafwa Jezi a. »

Pasaj la montre « pinga ki pi terib » nan tout Bib la, epi ki ta dwe atirasyon tout moun k ap li ki sousye de sove yo. Batay la ap fèt pou adorasyon. De otorite mande pou moun ki sou planèt la adore yo : bèt la ak imaj li. Se sa k fè n jwenn pinga sa : « Si yon moun adore bèt la ak imaj bèt la, epi l resevwa yon mak nan fontenn ni osnon sou men l, li menm tou l ap bwè diven kòlè Bondye, epi l ap toumante nan gwo dife, devan zanj yo ak devan Ti Mouton an. »

Lè premye zanj lan t ap voye mesaj li a, li envite tout moun k ap viv sou tè a adore Sila ki fè syèl la ak tè a, sa vle di Kreyatè a (vèsè 7). E kounye a vèsè 9 la bay yon pinga kont adorasyon bèt la ak imaj li.

Nou an prezans de kan osnon de otorite k ap fè gwo diskisyon sou adorasyon nou an ; yon otorite ki merite l ak yon lòt k ap vòlè l. Kan Bondye a, Kreyatè nou an, Sila ki kreye tout bon bagay yo ; ak kan bèt la ak imaj li. Gwo lenmi Bondye a, Satan jerenòs, toujou swaf glwa, chapo ba ak adorasyon, l ap jwe nan lòlòj moun yo nan mete yon fo levanjil, yon levanjil ki kont ansèyman Ekriti Sent yo pou yo ka adore l. Jan l te fè nan dezè a, lè tantasyon Jezi a, sa Matye rapòte a. Li di Jezi : « M ap ba w tout bagay ki nan mond lan alawonnbadè (se nou k souliye sa) si w koube devan m epi w adore m ». Men Jezi fè tèt ak li epi l pati abò l : « Pati kò w la Satan ; se Bondye ase pou w adore epi w a va sèvi li menm sèlman » (Matye 4.8-10).

BÈT LA

Bèt yo dekri nan Revelasyon 13.1-10 se mare sosis Legliz la ak Leta ki make mond kreyen an pandan yon pakèt tan, Pòl rele l nèg peche a, advèsè a (2 Tesalonisyen 2.2-4), Danyèl rele l ti kòn nan (Danyèl 7.8, 20-22) (Cf. Ce que croient les adventistes, 2005, p. 232).

Yo sèvi ak bèt la tankou sinonim Wayom, Pouwa osnon Puisans. Prèske tout nasyon nan mond lan, sa lontan ak sa kounye a yo, yo idantifye yo sou senbòl yon bèt. Se bèt Revelasyon 14.9-12 la k ap mennen bagay yo. Li dwe diferan de yon senp Pouwa politik. Paske sa se zafè adorasyon l l ap jere, tout aksyon l yo chita nan

domèn relijye a (La Parole Prophétique par Enoch Saintil, p.165).

Ki wayom bèt Revelasyon 14.9-12 la reprezante ? Teyolojyen Alfred F. Vaucher, nan liv li a, Histoire du Salut, ekri : bèt la se pouvwa politik Pap la reprezante a : Wayòm laten k ap kontinye jouk jounen jodi a nan plizyè Eta (peyi) ki fèt lè Pouwa Wòm nan te tonbe nan senkyèm syèk nan tan nou an. An n souliye se ak yon pouvwa Politiko-Relijye nou annafè.

IMAJ BÈT LA

Imaj bèt la reprezante fòm relijyon degrenngòch la k ap pran nesans, lè legliz yo, yo fin pèdi bonjan lide refòm nan, va makònen ak Leta pou yo fè tout moun suiv ansèyman yo a. Mare sosis ant legliz yo ak Leta a ap fè bonjan imaj bèt la, Legliz dejwe ki pèsèkite Sen Bondye yo pandan 1260 lane, soti 538 pou rive 1798.

Yon imaj pou premye bèt la ta va yon òganizasyon osnon yon lo òganizasyon, k ap travay nan menm domèn epi ki fonksyone ak menm prensip bèt sa tankou : maspinay, defòmasyon Pawòl Bondye a, yon ti pati osnon tout nèt.

Nou kapab di tou imaj bèt la se pòtre bèt la, òganizasyon ki aksepte epi ki soutni chanjman bèt la fè yo : tankou chanjman saba an dimanch lan. Dènye kriz la ap pwoche rapid, chak moun sou tè a ap jwenn apèl pou yo chwazi Mèt yo. Reyinyon ap fèt pasipala pou yo fè aplike lwa pou dimanch lan epi pou yo fè l tounen yon obligasyon pou tout moun. Chak moun pral blije chwazi kilès li vle obeyi, menmsi l dwe mouri.

MAK BÈT LA

Dezyèm pati pinga a konsène koze resevwa yon mak nan fontenn osnon sou men an. Yon mak se yon siy vizib osnon envizib. La, se lè w foure kò w anba youn nan otorite n sot site la yo.

Se nan fontenn nan sèvo a ye. Se nan sèvo a konesans, entelijans, jijman ak adorasyon chita. Men an se senbòl fòs, aksyon ak travay. Aksepte tradisyon nan plas pawòl Bondye a, aksepte al adore Bondye yon lòt jou sou pretèks se Bondye ki te ranplase Saba a, pou w pa sibi chatiman otorite moun ki te tabli l la, se resevwa mak bèt la nan fontenn li.

Al travay nan jou saba a olye w al adore Bondye nan jou sakre l la (Ezayi 58.13) sèlman pou w pa pèdi travay ou, [sa] se resevwa mak bèt la sou men w.

Mak bèt se pa yon siy fizik tankou yon so yo met sou po moun, se pa yon pis elektwonik y ap mete anba po w, se pa yon so vizib yo depoze nan fontenn ou. Se lè w koube w anba otorite yon moun. Ou met volonte lòm nan sou tèt volonte Bondye a. Se yon desizyon w pran pou w defann enterè materyèl osnon sosyal ou yo epi w di zafè enterè spirityèl.